# Дзырдуат

**Аарон** – Моисейы хистæр æфсымæр. Моисейы фæрцы Хуыцау дзуттæгтæн рагзаманы Ӕгъдау куы радта, уæд сауджынæй фыццаг сæвæрдæуыд Аароны. Ӕппæт сауджынтæ дæр Ӕгъдаумæ гæсгæ хъуамæ уыдаиккой æрмæстдæр Аароны байзæддæгтæй.

**Аввæ** – арамейагау «фыд, баба»; афтæ фæхонынц сывæллæттæ сæ фыды. Ацы номæй Йæ Фыд Хуыцаумæ дзырдта Йесо Чырысти, уыцы номæй Йæм дзырдтой фыццаг чырыстæттæ дæр.

**Авел æмæ Каин** – Адам æмæ Евæйы фырттæ. Авелы нывонд Хуыцауæн фæндиаг уыди, Каины нывондыл та нæ барвæссыд. Уæд Каин фырхæлæгæй амардта йе 'фсымæры, æмæ йæ Хуыцау ралгъыста. Авел уыди, зæххыл фыццаг кæй туг ныккалдæуыд, уыцы адæймаг.

**Авраам** – дзуттæгты рагфыдæл, Иаковы фыд. Хуыцауыл æуууæндыд фидарæй æмæ каст Йæ коммæ.

**Агар** – Авраамы ус Саррæйы цагъар сылгоймаг. Авраамæй йын райгуырди фырт, фæлæ Авраамæн йæ бындар сси Исаак – Хуыцауы зæрдæвæрдмæ гæсгæ йын æй ныййардта Саррæ.

**Адам** – фыццаг адæймаг. Дунейы адæм иууылдæр рацыдысты Адамæй æмæ йæ ус Евæйæ.

**Адæймаджы Фырт** – дзуттагау «адæймаджы фырт» амоны «адæймаг»; Даниил-пехуымпар (Дан. 7:13-14) афтæ схуыдта æрцæуинаг Мессиайы (кæс *Чырысти*). Афтæ Йесо Чырысти Йæхи хуыдта Йæхæдæг дæр.

**Алой** – зайæгой; йæ сыфтæй йын арæзтой зынаргъ хæрздæфгæнæн, пайда дзы кодтой марды йæ бавæрынмæ цæттæгæнгæйæ.

**Алчер** – хистæр сауджын.

**Амен** – дзуттагау «æцæг афтæ у».

**Апостол** – бердзенагау «минæвар»; афтæ хуыдтой, Чырысти адæммæ фарны уац хæссынмæ кæй сæвзæрста, уыдоны. Афтæ фыццаджыдæр хуыйнынц Чырыстийæн Йæ дыууадæс ахуыргæнинаджы, ноджы муртатты апостол Павел, стæй ма æндæр зындгонд чырыстон разамонджытæ.

**Архангел** – хистæр зæд.

**Ассари** – ромаг лыстæг æрхуы æхца, динары æхсæрдæсæймаг хай.

**Ӕгъдау, Моисейы Ӕгъдау** – кæс *Моисей*.

**Буд** – зынаргъ буаргъæд; куы фæсудзы, уæд дзы рацæуы хæрздæф фæздæг. Буд судзын уыди Хуыцауæн нывонд æрхæссыны хуызтæй иу, сыгътой йæ Сыгъдæг Цатыры, фæстæдæр та Иерусалимы Кувæндоны.

**Вавилон** – рагон сахар нырыккон Иракы зæххыл. Чырыстийы райгуырдæй 600 азы размæ вавилойнæгтæ бацахстой Иудейæ, ныппырх кодтой Иерусалим æмæ Кувæндон. Иудейæйы цæрджытæй бирæтæ 70 азы дæргъы

уацары уыдысты Вавилоны паддзахады. Вавилон сси ӕнӕуагӕй цӕрыны ӕмӕ Хуыцаумӕ знаджы цӕстӕй кӕсыны фӕсномыг.

**Валаам** – Моисейы заманы пехуымпар. Моаваг паддзах Валак ӕй ӕрбахуыдта ӕхцайыл йе знаг дзуттӕгты ралгъитынмӕ. Ног Фӕдзӕхсты Валаамы ном сбадти кӕрӕф ӕмӕ тӕригъӕды ӕфтауӕг мӕнгахуыргӕнджытыл.

**Веелзевул** – хӕйрӕджы, дӕлимонты ӕлдары, нӕмттӕй иу.

**Вениамин** – Иаковы кӕстӕр фырт, Израилы хӕдзарвӕндӕгтӕй иуы рагфыдӕл.

**Галилей** – Израилы бӕстӕйы цӕгатаг хай. Бирӕ ӕнусты дӕргъы уыд ӕцӕгӕлон адӕмты дӕлбар; Чырыстийы заман ам дзуттӕгтӕй дарддӕр царди муртаттӕ дӕр. Иудейӕйы цӕрджытӕ галилейӕгтӕм арӕх ӕнӕрвӕссон цӕстӕй кастысты.

**Давид, Иессейы фырт** – Рагон Израилы тӕккӕ номдзыддӕр паддзах. Ныффыста бирӕ псаломтӕ (Хуыцауы стауӕг зарджытӕ). Чырыстийы райгуырдӕй дзӕвгар раздӕр пехуымпартӕ дзырдтой, зӕгъгӕ, Чырысти Давиды байзӕддагӕй уыдзӕн. Уымӕ гӕсгӕ Йесойы хонынц Давиды Фырт, Иессейы Ӕвзар, Давиды Ӕвзар.

**Динар** – ромаг ӕвзист ӕхца, ӕххуырст кусӕджы иу боны мызды бӕрц.

**Донгонд дзулты бӕрӕгбон** – кӕс *Куадзӕн.*

**Драхмӕ** – бердзенаг ӕвзист ӕхца, ромаг динары бӕрц.

**Евӕ** – кӕс *Адам.*

**Завулон ӕмӕ Неффалим** – Иаковы фырттӕ, Израилы хӕдзарвӕндӕгтӕй фӕйнӕйы рагфыдӕлтӕ. Сӕ байзӕддӕгтӕ ӕрцардысты Израилы цӕгатаг зӕххыты, Галилейы денджызмӕ хӕстӕг.

**Зилот** (бердзенагау), **кананит** (арамейагау) – «ӕнувыд». Афтӕ хуыдтой сӕ бӕстӕ ромӕгтӕй ссӕрибар кӕныныл тохгӕнӕг дзуттӕгты.

**Иаков (Израил)** – дзуттӕгты рагфыдӕл; Исаакы фырт, Авраамы фыртыфырт, Исавы кӕстӕр фаззон ӕфсымӕр. Исав кӕд раздӕр райгуырд, уӕддӕр Хуыцау сӕвзӕрста Иаковы, ӕмӕ Иаков райста хистӕр фырты бартӕ. Йӕ дыууадӕс фыртӕй рацыдысты израилаг адӕмы дыууадӕс хӕдзарвӕндаджы. Иаковыл ном «Израил» Хуыцауы ӕвӕрд у, ӕмӕ уыцы ном хӕссынц йӕ байзӕддӕгтӕ – дзуттӕгтӕ, стӕй сын Хуыцау цы бӕстӕ радта, уый дӕр.

**Иессей** – кӕс *Давид.*

**Израил** – кӕс *Иаков.*

**Илиа** – номдзыд дзуттаг пехуымпар. Хуыцау ӕй удӕгасӕй систа уӕлӕрвтӕм, ӕмӕ дзуттӕгтӕ ӕнхъӕлмӕ кастысты, Илиа ӕрыздӕхдзӕни зӕхмӕ, зӕгъгӕ. «Илиайы уд ӕмӕ тыхимӕ» (Лк. 1:17) ӕрцыд Аргъауӕг Иоанн ӕмӕ адӕмӕн развӕлгъау хъусын кодта ӕрцӕуинаг Чырыстийы тыххӕй.

**Исаак** – дзуттӕгты рагфыдӕл, Авраамы ӕмӕ Саррӕйы фырт, Исавы ӕмӕ Иаковы фыд.

**Исав** – Исаакы фырт, Иаковы хистӕр фаззон ӕфсымӕр. Иухатт Исав сӕххормаг, ӕмӕ хистӕр

фырты бартæ иу хъæрмхуыппы къусыл баивта Иаковæн.

**Исай** – номдзыд дзуттаг пехуымпар. Йесо Чырыстийы райгуырдæй 700 азы размæ загъта Чырыстийы царды бирæ цауты тыххæй.

**Иссоп** – кæрдæг; дзуттæгтæ дзы пайда кодтой ссыгъдæг кæныны æгъдæутты.

**Иудæ** – Иаковы фырт, Израилы хæдзарвæндæгтæй иуы рагфыдæл. Йæ байзæддæгты йын йæноммæ гæсгæ хуыдтой иудейтæ (Ног Фæдзæхсты арæх афтæ хонынц дзуттæгтæн сеппæты дæр), Израилы бæстæйы цы зæххыл æрцардысты, уый та схуындæуыд Иудейæ.

**Иудейæ** – бæстæ Израилы хуссары. Кæс ма *Иудæ* дæр.

**Йесо, Нуны фырт** – Моисейы æххуысгæнæг, Моисейы амарды фæстæ та – дзуттаг адæмы сæргълæууæг. Йесойы разамындæй дзуттæгтæ байстой, Хуыцау сын зæрдæ кæмæй бавæрдта, уыцы бæстæ, Ханаан, æмæ дзы æрцардысты.

**Каин** – кæс *Авел æмæ Каин.*

**Кананит** – кæс *зилот.*

**Кесæр** – ромаг паддзах.

**Кодрант** – ромаг лыстæг æрхуы æхца, ассарийы цыппæрæймаг æмæ динары æхсай цыппæрæймаг хай.

**Корей** – дзуттæгтæ-ма æдзæрæг бæстæйы куы цардысты, уæд Корей уыди Моисейы æмæ Аароны ныхмæ сыстæг адæмы сæргъы. Уый тыххæй æфхæрд баййæфта Хуыцауæй – йæ фарслæуджытимæ аирвæзт зæххыскъуыды.

**Куадзæн, Песах** (дзуттагау), **Пасха** (арамейагау) – дзуттаг сæйраг бæрæгбæттæй иу. Бæрæг æй кодтой уалдзæджы, дзуттæгтæ кæддæр мысыраг цагъарадæй кæй суæгъд сты, уый мысынæн. Рагон заманы-иу æппæт Израилæй, стæй иннæ бæстæтæй дæр дзуттæгтæ ацы бæрæгбонмæ Хуыцауæн бакувынмæ æрцыдысты Иерусалиммæ. Куадзæны хæдфæстæ-иу райдыдта Донгонд дзулты бæрæгбон – дзуттæгтæ къуырийы дæргъы хордтой æрмæстдæр донгонд дзултæ (Куадзæн æмæ Донгонд дзулты бæрæгбон Ног Фæдзæхсты нымад сты иу бæрæгбоныл).

Йесо Чырысти тыгъд æрцыд æмæ райгас, Куадзæн куы бæрæг кодтой, уæд. Æмæ Куадзæн сси чырыстæтты сæйраг бæрæгбон – Чырыстийы Райгасы бон.

**Кувæндон** – уыди Иерусалимы, Израилы сæйраг сахары. Моисейы заманæй фæстæмæ дзуттæгтæ Хуыцаумæ кæм куывтой, уыцы Сыгъдæг Цатыры бынаты йæ сарæзта паддзах Соломон. Йесо Чырыстийы райгуырды размæ æхсæзæм æнусы Кувæндон фехæлдæуыд, ногæй йæ сарæзтой цасдæр рæстæджы фæстæ. Кувæндон рацарæзта æмæ йæ фæуæрæхдæр кодта Стыр Ирод, фæлæ та йæ Чырыстийы райгуырды фæстæ 70-æм азы фехæлдтой ромæгтæ. Нывонд æрмæстдæр ацы Кувæндоны хастой, уымæ гæсгæ бæстæйы алы къуымтæй æмæ фæсарæнтæй ардæм цыдысты дзуттæгтæ – дины ахсджиагдæр бонтæ бæрæг кæнынмæ

(Куадзæн, Хорысæры бæрæгбон, Халагъудты бæрæгбон).

**Левий** – Иаковы фырт, Израилы хæдзарвæндæгтæй иуы рагфыдæл. Кæс ма *Левиттæ* дæр.

**Левиттæ** – Иаковы фырт Левийы байзæддæгтæ. Хуыцау дзуттæгтæн цы бæстæ радта, уым адонæн Израилы иннæ хæдзарвæндæгты хъауджыдæр зæххы хай лæвæрд не ’рцыд. Уый хыгъд сæ Хуыцау сæвзæрста Йæхицæн лæггад кæнынæн. Левийы байзæддæгтæй иуты æвæрдæуыд сауджынтæй (иннæ хæдзарвæндæгты цотæн уыцы бар нæ уыд), иннæтæ та (левиттæ кæй хуындæуы, уыдон) Кувæндоны уыдысты кæстæр лæггадгæнджытæ.

**Легион** – ромаг æфсæддон иугонд (6000 адæймаджы); фæсномыгæй амоны «бирæ».

**Лептæ** – тæккæ къаддæр æрхуы æхца, кодранты æмбис, динары сæдæ дыууын æстæм хай.

**Лот** – Авраамы æфсымæры фырт. Царди Содомы сахары. Содомы фесафыны фæнд куы скодта Хуыцау, уæд уый тыххæй Лотæн зæгъынмæ арвыста зæды. Зæд сын бафæдзæхста, цæмæй Лот йæ бинонтимæ Содомæй куы лидза, уæд фæстæмæ ма ракæсой. Фæлæ Лоты ус Хуыцауы зæдмæ нæ байхъуыста, ракасти фæстæмæ æмæ фестади цæхдур.

**Маннæ** – дзуттæгтæ Мысырæй куы рацыдысты, уæд дыууиссæдз азы æдзæрæг бæстæйы кодтой цæугæцард, æмæ сын уыцы рæстæг Хуыцау уæлæрвтæй æрвыста хæринаг. Уыцы уæларвон хæринаг хуынди маннæ.

**Минæ** – уæзы (500 граммы бæрц) æмæ аргъы (æвзисты 500 граммы бæрц) нымайæн. Иу минæйæн йæ аргъ уыди 100 драхмæйы.

**Моисей** – Израилы тæккæ номдзыддæр пехуымпар. Израилаг адæмы сæргъы лæууыд, Хуыцау сæ Мысырæй куы рахуыдта, уæд, стæй æдзæрæг бæстæйы цæугæцарды рæстæг дæр. Хуыцау Моисейæн бафæдзæхста дзуттæгтæн æххæстгæнинаг Æгъдау. Уыцы Æгъдауыл ныхас цæуы Библийы фыццаг фондз чиныджы; хонынц сæ Моисейы чингуытæ кæнæ Моисейы Æгъдау.

**Ниневи** – рагон домбай Ассириаг паддзахады сæйраг сахар. Ионæпехуымпары ардæм рарвыста Хуыцау, тæригъæдты аныгъуылæг сахармæ фæсмон куы нæ æрцæуа, уæд сæ кæй фесафдзæн, уый фехъусын кæнынмæ. Ниневийы цæрджытæ æрфæсмон кодтой Ионæйы ныхасæй, æмæ сæ Хуыцау нал бафхæрдта.

**Осаннæ** – дзуттагау комкоммæ амоны «фервæзын кæн»; Ног Фæдзæхсты уый у цины хъæр Хуыцауы æмæ Йæ номыл æрцæуæг Чырыстийы кадæн.

**Пехуымпар** – Хуыцау адæмæн Йæ ныхас кæй фæрцы дзуры, уыцы адæймаг. Рагон дзуттæгтимæ Хуыцау ныхас кодта Моисейы, Самуилы, Исайы, Иеремийы æмæ бирæ æндæр пехуымпарты фæрцы. Пехуымпартæ-иу адæммæ сидтысты фæсмонмæ æмæ Хуыцаумæ раздæхынмæ, развæлгъау дзырдтой, Хуыцау фидæны цы саразинаг у, уый тыххæй.

**Раав** – Иерихоны сахары цæрæг хæтагсыл. Уыцы сахар рæхджы хъуамæ байстаиккой дзуттæгтæ сæ сæргъы Нуны фырт Йесоимæ. Раав йæ хæдзары бамбæхста дзуттаг сгарджыты. Æмæ дзуттæгтæ сахар куы байстой, уæд Раавы æмæ йæ хæстæджыты ныууагътой удæгасæй, иннæты та ныццагътой.

**Равви, раввуни** – дзуттагау «мæ хицау». Афтæ аргъуыцгæнгæ дзырдтой дзуттаг дины ахуыргæнджытæм.

**Ревеккæ** – Исаакы ус, Исав æмæ Иаковы мад.

**Сабат** – къуырийы æвдæм бон дзуттæгтæм. Синайы хохыл Хуыцау адæмæн бафæдзæхста æхсæз боны кусын, æвдæм бон та фæллад уадзын æмæ Хуыцаумæ кувын. Дзуттæгтæн сабаты кусыны бар нæй.

**Саддукейтæ** – дзуттаг дины къордтæй иу Йесо Чырыстийы заман. Синедрионы уæнгты фылдæр хай, алчертæ æмæ уыдонмæ хæстæг адæм уыдысты саддукейтæ. Фарисейтæй хъауджыдæр саддукейтæ нымадтой æрмæстдæр Сыгъдæг Фыст; уым чи нæ уыд, уыцы æгъдæуттæ æмæ ахуырæдтæ та ницæмæ дардтой, не 'ууæндыдысты мæрдты райгасыл æмæ, зæдтæ кæй ис, ууыл.

**Самари** – Израилы бæстæйы иу хай. Йесо Чырыстийы заман ам цардысты, дзуттæгтæн скæсæны бæстæтæй æрбалидзæг адæмтимæ æмкъайады цы цот рацыд, уыдоны байзæддæгтæ. Сæ дин иудейаг динæй кæд дард нæ лæууыд, уæддæр дыууæ адæмы кæрæдзимæ знаджы цæстæй кастысты.

**Саррæ** – Авраамы ус. Йæ цардцæрæнбонты уыдис æнæзæнæг, æмæ æрмæст тынг куы базæронд, уæд Авраамæн, Хуыцауы фæндонмæ гæсгæ, ныййардта фырт, Исаакы.

**Сауджын** (рагон дзуттæгтæм) – дины лæг; йæ хæс уыди Хуыцауæн нывондтæ хæссын.

**Сахаттæ** – рагон дзуттæгтæн-иу сæ бон райдыдта райсомæй æхсæз сахатыл æмæ-иу ахаста дыууадæс сахаты. Боны æртыккæгæм сахат у 9 сахаты, æхсæзæм – 12 сахаты, æвдæм – 13 сахаты, фарæстæм – 15 сахаты, дæсæм – 16 сахаты, иуæндæсæм – 17 сахаты; æхсæвы æртыккæгæм сахат – 21 сахаты.

**Синагогæ** – дзуттæгтæ иумæ кæм куывтой æмæ Сыгъдæг Фыст кæм ахуыр кодтой, уыцы хæдзар. Кувæндонæй хъауджыдæр синагогæты нывондтæ нæ хастой.

**Синай** – хох нырыккон Мысыры зæххыл. Уыцы хохыл Хуыцау ныхас кодта Моисеимæ æмæ саæзта фидыд дзуттаг адæмимæ.

**Синедрион** – Израилы разамонджыты æмбырд, дзуттæгты уæлдæр тæрхондон. Йæ сæргъы лæууыди алчер.

**Смирнæ** – зынаргъ хæрздæфгæнæн чъиу, пайда дзы кодтой рыст бауромынæн, стæй марды йæ бавæрынмæ цæттæгæнгæйæ.

**Содом æмæ Гоморрæ** – сæ цæрджыты тæригъæдты тыххæй Хуыцау кæй басыгъта, уыцы рагон сахартæ.

**Соломон** – Давиды фырт, Израилы паддзах, номдзыд зондылæг. Иерусалимы сарæзта Кувæндон (уымæй размæ дзуттæгтæ Хуыцаумæ куывтой Сыгъдæг Цатыры).

**Статир** – бердзенаг æвзист æхца, цыппар драхмæйы.

**Сунæт** – Авраамæн Хуыцау куыд бафæдзæхста, афтæ алы дзуттаг ноггуырд лæппу дæр æстæймаг бон хъуамæ æрцыдаид сунæтгонд. Сунæт уыди, дзуттаг адæмæй кæй дæ, уый нысан. Дзуттæгты арæх хуыдтой «сунæтгонд адæм»; Хуыцауы чи нæ зыдта, уыцы иннæ адæмтæ та, ома, мураттæ, хуындысты «æнæсунæт адæм».

**Талант** – уæзы (30 килограммы бæрц) æмæ аргъы нымайæн. Иу æвзист талантæн йæ аргъ уыди 6000 драхмæйы.

**Фараон** – мысыраг паддзах.

**Фарисейтæ** – дзуттаг дины къордтæй иу Йесо Чырыстийы заман. Фидар хæцыдысты канд Моисейы Æгъдауы домæнтыл нæ, фæлæ Сыгъдæг Фысты чи нæй, уыцы æгъдæуттæ æмæ ахуырæдтыл дæр.

**Фидыд** (Библийы) – Хуыцау адæмимæ кæй саразы, ахæм бадзырд. Синайы хохыл Моисейы фæрцы Хуыцау дзуттаг адæмимæ сарæзта фидыд: зæрдæ сын æвæрдта Йæ хæрзаудæнæй, фæлæ дзуттæгтæ дæр хъуамæ коммæгæс уыдаиккой Хуыцауæн – æххæст кодтаиккой Моисейы Æгъдау. Рагон фидыды раивта ног фидыд – арæзт æрцыд Йесо Чырыстийы амæлæты æмæ Йæ райгасы фæрцы. Уыцы фидыдыл дзурынц Ног Фæдзæхсты чингуытæ.

**Фидыды Чырын** – дзуттæгты табуйаг. Хъæдæй конд чырын, йеппæт фæрстыл дæр – сызгъæрин цъар. Раздæр æвæрд уыди Сыгъдæг Цатыры, уый фæстæ та Иерусалимы Кувæндоны, уыимæ – сæ тæккæ сыгъдæгдæр бынæтты. Фидыды Чырыны уыдысты, Хуыцау дзуттаг адæмимæ фидыд куы сарæзта, уæд Моисейы фæрцы Синайы хохыл кæй бацамыдта, уыцы дæс фæдзæхстимæ къæйтæ.

**Ханаан** – Авраам, Исаак æмæ Иаков кæм цардысты, уыцы бæстæйы рагон ном. Авраамæн зæрдæ куыд бавæрдта, уымæ гæсгæ йæ Хуыцау фæстæдæр радта Авраамы байзæддæгтæн – дзуттæгтæн. Авраамы фыртыфырты номмæ гæсгæ йæ схуындæуыд Израил.

**Хæйрæг (сайтан)** – Хуыцауы ныхмæ сыстæг зæд, Хуыцауы æмæ адæмы знаг. Хæйрæг æмæ йæ дæлбар дæлимонтæ сайынц адæмы, æвæрынц сын цæлхдуртæ, цæмæй Хуыцаумæ ма æрцæуой æмæ фесæфой.

**Херувимтæ** – уæларвон базырджын удгоймæгтæ, иудадзыг Хуыцауы фарсмæ чи ис, уыдон.

**Хорысæры бæрæгбон** – мæнæу æфснайыны дзуттаг бæрæгбон. Бæрæг æй кодтой Куадзæнæй 50 боны фæстæ. Рагон заманы-иу æппæт Израилæй, стæй иннæ бæстæтæй дæр дзуттæгтæ ацы бæрæгбонмæ Хуыцауæн бакувынмæ æрцыдысты Иерусалиммæ. Уыцы бæрæгбоны рæстæг Чырыстийы ахуыргæнинæгтæ

схайджын сты Сыгъдæг Удæй (Ап. хъ. 2 сæр).

**Хъалонисджытæ** – Йесо Чырыстийы заман ромаг æрбалæбурджытæм куысты лæуд чи уыд, уыцы дзуттæгтæ. Адæм сæ нымадтой уæйгæнджытыл; мулкæй сын бафсис кæй нæ уыд, уый тыххæй сæм кастысты знаджы цæстæй.

**Цатыр, Сыгъдæг Цатыр** – дзуттæгтæ æдзæрæг бæстæйы семæ кæй хастой, уыцы кувæндон. Цатыры æвæрд уыди фидыды Чырын. Ам куывтой дзуттæгтæ Хуыцаумæ æмæ Йын ам хастой нывондтæ, Соломон Иерусалимы Кувæндон цалынмæ нæ сарæзта, уæдмæ.

**Чырысти, Христос** (бердзенагау), **Машиах** (дзуттагау), **Мессиа** (арамейагау) – амоны «сæрст» (зетийæ Рагон Израилы сæрстой сауджынты, пехуымпарты æмæ паддзæхты – Хуыцау-иу Йæхицæн лæггад кæнынæн кæй сæвзæрста, уыдоны). Хуыцау незаманты дзуттаг адæмæн зæрдæ бавæрдта Мессиайы сæм рарвитынæй, цæмæй æрхæсса ирвæзындзинад æмæ æппæт зæххон адæмтæн уа мыггагмæйы Паддзах.